

Chè fanmi,

Si w te rate delè pou aplike pou kindergarten lan, ou ka toujou patisipe nan admisyon yo si w ajoute pitit ou a sou lisdatant pwogram yo! Fason ki pi rapid la pou fè sa a se sou entènèt avèk [MySchools](#)—aprann kòman nan videyo “[Jan pou ajoute pitit ou a sou lisdatant yo](#)” nou an.

Ou poko gen yon kont MySchools? Li fasil pou kreye youn—aprann jan pou fè l “[Kòman pou kreye yon kont MySchools](#)” nan videyo nou an.

**Tanpri sonje:** Si w te aplike nan delè a, ou fini! Pa gen anyen ankò ou bezwen pou fè—pitit ou a pral resevwa yon òf kindergarten nan prentan an.

Èske w gen kesyon sou admisyon nan Kindergarten oswa ou bezwen sipò? Gen plis enfòmasyon nan sitwèb nou an, rele nou nan 718-935-2009, oswa ale nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Bon siksè,  
Ekip admisyon kindergarten lan

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan kindergarten nou an nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp).

**Si w pa vle resevwa imèl ankò** nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.